

Non timoun nan: _____ Dat Nesans _____

Imèl Paran/Titè: _____ Telefòn Paran/Titè: _____

Rhode Island Child Outreach Screening- Konsantman Paran

Child Outreach se yon sistèm depistaj devlopmantral ki fèt pou fè tès depistaj pou tout timoun 3–5 ane yo chak ane anvan yo antre nan matènèl. Yo teste timoun yo nan domèn vizyon, tandè, devlopman jeneral, lapawòl/langaj, ak devlopman sosyal/emosyonèl. Tès devlopman jeneral ak sosyo-emosyonèl yo ka kesyonè ke paran/titè ak/oswa paran adoptif la ranpli. Si timoun nan lekòl e enfòmasyon adisyonèl nesèsè, pwofesè timoun nan ap ranpli kesyonè yo tou. Child Outreach se yon premye etap enpòtan nan idantifikasyon timoun ki ka bezwen plis evalyasyon oswa entèvensyon. An konsekans, sistèm lekòl piblik nan eta Rhode Island òganize pwogram depistaj Child Outreach la. Paran, titè, epi lè sa aplikab, paran adoptif ak Travayè sosyal DCYF yo pral resevwa yon rezime rezilta tès depistaj Child Outreach. Tout enfòmasyon pèsonèl ak rezilta tès depistaj ki kolekte pandan pwosesis tès depistaj la trete ak konfidans ki pi estrik.

Depatman Edikasyon an responsab sipèvizyon jeneral Pwogram depistaj Child Outreach la. Depatman Sante a kenbe sistèm done KIDSNET la, ki gen enfòmasyon sou Child Outreach sou non sistèm lekòl piblik Rhode Island yo. KIDSNET, yon baz done sekirize, gen ladan tou vaksen timoun yo, tès depistaj plon, sèvis sante prevantif, ak lòt tès depistaj devlopmantral. Enfòmasyon ki nan KIDSNET yo ka itilize pou kowòdone swen, asire ke yo bay sèvis sante prevantif, epi idantifye timoun ki ka bezwen sipò medikal ak/oswa devlopmantral. Sepandan, yo p ap divilge okenn enfòmasyon pèsonèl oswa rezilta tès depistaj yo san konsantman alekri bay okenn lòt moun ki pa pèsonèl nan sikonskripsyon lekòl piblik kote pitit ou a abite a ak Depatman Edikasyon Elemanntè ak Segondè Rhode Island, Depatman Sante Rhode Island pou rezon regilasyon, epi lè sa aplikab Depatman Timoun, Jèn ak Fanmi pou timoun ki nan mezon akèy.

1. Mwen li deklarasyon ki anwo yo epi mwen bay pèmasyon pou yon pwogram Child Outreach **teste** pitit mwen an epi pou rezilta ak rekòmandasyon tès depistaj yo, ki gen ladan nenpòt referans ki nesèsè pou edikasyon espesyal ak detèminasyon kalifikasyon, pou yo mete nan baz done Child Outreach nan KIDSNET.

Siyati Paran/Titè _____ **Dat** _____

2. Mwen te li deklarasyon ki anwo yo epi mwen bay Child Outreach ak Depatman Sante/KIDSNET pèmasyon pou pataje rezilta ak rekòmandasyon tès depistaj pitit mwen an, enkli nenpòt referans ki nesèsè pou edikasyon espesyal ak detèminasyon elijiblite, ak **founisè swen prensipal li (doktè)** nan objektif pou kowòdone swen, asire sèvis sante prevantif epi idantifye timoun ki ka bezwen sipò medikal ak/oswa devlopmantral.

Siyati Paran/Titè _____ **Dat** _____

Non doktè a: _____

Non biwo oswa kabinè: ex. Pedyatri North Bay _____

Nimewo telefòn: _____

Adrès: _____

3. Mwen te li deklarasyon ki anwo yo epi mwen bay Child Outreach ak Depatman Sante/KIDSNET pèmasyon pou pataje rezilta ak rekòmandasyon tès depistaj pitit mwen an, enkli nenpòt referans ki nesèsè pou edikasyon espesyal ak detèminasyon elijiblite, ak **pwogram preskolè/gadri** li pou objektif planifikasyon edikatif.

Siyati Paran/Titè _____ **Dat** _____

Non pwogram nan lekòl matènèl/gadri: _____

Nimewo telefòn: _____

Konsantman an vigè soti septanm 2025 - septanm 2026

Ou gen dwa pou anile konsantman nenpòt ki lè lè w kontakte distri lekòl lokal ou a. Ou gen dwa tou pou enspekte dosye edikasyon pitit ou a epi pou mande pou KIDSNET korije nenpòt enfòmasyon ou kwè ki pa kòrèk. Ou ka jwenn Fòm Modèl Avi sou Pwosedi sou Edikasyon Espesyal RI a, ki eksplike dwa paran yo dapre Pati B Lwa Edikasyon pou Moun Andikape yo, nan <http://www.ride.ri.gov/Portals/0/Uploads/Documents/Students-and-Families-Great-Schools/Special-Education/Special-Education-Regulations/RI-Special-Education-Procedural-Safeguards-Notice-Model-Form.pdf>.

Si w gen nenpòt kesyon sou dwa paran, tankou konsantman pou tès depistaj, tanpri kontakte Sant Apèl pou Edikasyon Espesyal RIDE la nan 401-222-8999.